# Утемуратов Даўлетбай Минажович Кегейли районы ҳәкими лаўазымына тайынланды

Усы жылдың 15-декабрь күни халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң гезексиз он сегизинши сессиясы болып өтти.

Сессияның күн тәртибинде шөлкемлестириў мәселеси көрип шығылды.

Сессия жумысына Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов қатнасты ҳәм шығып сөйледи.

Image not found or type unknown

Сессияда халықтың саламатлығын қорғаў, турмыс шараятын жақсылаў ҳәм оларды қыйнап киятырған машқалаларды унамлы шешиў, жәрдемге мүтәж шаңарақларды қоллап-қуўатлаў, жаслар ҳәм ҳаял-қызлардың бәнтлигин тәмийинлеў, исбилерменликти раўажландырыў ҳәм оларға қолайлы шараятлар жаратыў, районда әмелге асырылыўы белгиленген жойбарлардың өз ўақтында орынланыўын тәмийинлеў мәселелерине айрықша итибар қаратылды.

Image not found or type unknown

Сессияда усы күнге дейин Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң орынбасары лаўазымында ислеп келген Утемуратов Даўлетбай Минажович Кегейли районы ҳәкими лаўазымына тайынланды, деп жазады Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети.

Image not found or type unknown

Өз гезегинде Д.Утемуратов өзине билдирилген исенимди ақлаўға, билим ҳәм тәжирийбесин районды социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыўға, әсиресе, социаллық қорғаўға мүтәж халық қатламларын материаллық қоллап-қуўатлаўға, халықтың абаданлығын тәмийинлеўге, пуқараларды қыйнап киятырған машқалаларға шешим табыўға, исбилерменликти раўажландырыў арқалы қосымша жумыс орынларын жаратыўға жумсайтуғынлығын билдирди.

Усының менен халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң гезексиз он сегизинши сессиясы өз жумысын жуўмақлады.